Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№ 63-64
(9610-9611)

2014 соналъул
22 август

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА



## АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ 15 СОН ТIУБАЯЛДЕ



# МЫ БЫЛИ ВМЕСТЕ

**Записки из дневника генерала Сергея Оленченко**



Война готовилась экстремистами задолго до вторжения бандитов в Цумадинский и Ботлихский районы. Создание на территории Чечни лагерей по подготовке боевиков, формирование воинских подразделений. Даже не создание, а перепрофилирование пионерских лагерей в учебные заведения по подготовке диверсантов, террористов, вербовка молодых людей в эти учебные центры. В соседних с Чечней республиках создавались анклавы, не подчиняющиеся законной власти. Небывалый рост криминальных проявлений, грабежи, разбои, похищения людей и вымогательства выкупов за их освобождение, незаконное приобретение огнестрельного оружия и взрывчатых веществ и устройств характеризовали оперативную обстановку на Северном Кавказе в конце 90-х годов.

**(Продолжение на 3-й стр.)**

## РАГЪУЛ БАЙБИХЬИЯЛЪУЛ КЪОКЪАБГО ХРОНИКА

**1999 соналъул июлалъул ахиралде Болъихъ ва мадугьалихъ бугеб ЦIумада районазда циндаго хIалуцана общественниябгун политикияб ва оперативияб ахIвал-хIал. Гьелда цере харбал рукIана нилъер районалъул чачаназул гIорхъода ругел мугIрузде зама-заманалдаса раккулел ругин яргъид гIуцIарал гIадамазул группаби. ХIатта, нилъергун бугеб гьезул гIорхъода унел ругин ругьунлъабиян абулеб букIана цо-цояз.**

**Гьеб кинабго хIакъикъияб букIиналъе нугIлъи гьабуна августалъул байбихьуда.**

**2 абилеб август**

ЦIумада районалъул Гьигьалъ росдада аскIоб «Гьигьалъ» борхалъуда гьеб районалъул РОВДялъул КППялда гIагарлъухь букIана 50 ялдасаги цIикIкIун яргъид гIуцIарал хъачагъазулгун ДРялъул МВДялъул сотрудниказул цоцаде рагъулаб кьвагьдеялъулаб дандчIей. Гьел хъачагъал гьенире рачIун рукIун руго Чачан Республикаялъул Кванхи росдал гIорхъодаса.

**3 абилеб август**

СагIат 3 ялде бащдаб хIалтIараб заманалда ЦIумада районалъул Агъвали росдадасан 2 километралъул гIагарлъуда бугеб «Дача» абулеб бакIалде хъачагъаз гранатометаздалъунги автоматаздалъунги кьвагьдей гьабуна. Милиционеразгун аскарияз данде гьабураб кьвагьдеялдалъун гьеб гьужум нахъчIвана ...

**7 абилеб август**

Гьеб къоялъ рогьалилъ чачаназул ракьалдасахун Болъихъ районалъул ракьалде жанире лъугьана, абухъего щокърокье щвезегIан яргъид гIуцIарал хъачагъал. Гьелъие гьез тIаса бищана жидеего тIабигIияб рахъалъ бигьаяб ансадерил ракь. Гьедин, гIадамал кьижаралъуса рахъинелде гьеб рахъалдаса АнсалтIа, Шодрода, РахатIа ва Гъодобери росабалъе жаниве лъугьана 400 ялдасаги цIикIкIун хъачагъ.

**9 абилеб август**

Гьеб къоялъ ДРялъул Пачалихъалъулаб Советалда тIобитIараб совещаниялда къабул гьабуна «Республикаялъул территориялде яргъид гIуцIарал халкъазда гьоркьосел хъачагъал жанире лъугьиналда бан Дагъистан Республикаялда бугеб ахIвал-хIал ва Дагъистаналъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ тадбирал» абураб хIукму.

**13 абилеб август**

Гьеб къоялдаги районалда унел рукIана районалъул ополченцазги, аскариязги ва милициялъул сотрудниказги террористал Ш. Басаевасги Хаттабицаги нухмалъи гьабулел хъачагъазул боязде данде рагъал.

**16 абилеб август**

Унеб букIана хъачагъазул группабазде рагъулаб кьаби щвезабиялъул ва гьел хIакъир гьарун рачIаралъуре тIад руссинариялъул гIатIидаб рагъулаб операция.

**18 абилеб август**

Болъихъ бугеб рагъулаб хIалалда дагьабго хиси ккун букIаниги ахIвал-хIал захIматаблъун хутIун букIана.

**23 абилеб август**

ДРялъул Пачалихъияб Советалъул председатель М-ГI.

МухIамадов Кремлиялда дандчIвана Россиялъул Президент Б. Ельцингун. Президентас чIванкъотIарал тIадкъаял кьуна Россиялъул ХIукуматалъе Дагъистаналъул территориялде тIаде кIанцIарал хъачагъал щущахъ риххизариялъе хехал тадбирал гьаризе ...

**24 абилеб август**

Болъихъ районалда жеги рагъулаб захIматаб хIал хутIун букIана. Россиялъул оборонаялъул министерствалъул аскариязулаб группаялъги РФялъул ва ДРялъул Жанисел ишазул министерствабазул гIуцIалабазги ва ополченцазги цIикIкIинабулеб букIана АнсалтIа, ГIашино, ТIандо, Шодрода ва Зибирхьали росабазул территориязда ругел хъачагъазде ва гьезул рагъулаб техникалде щвезабулеб кьаби. Гьеб къоялъул ахиралде хъачагъаз ккун рукIарал киналго росаби эркен гьаруна.

**27 абилеб август**

Гьеб къоялъ Москваялдасан Дагъистаналде воржана Россиялъул ХIукуматалъул Председатель Владимир Путин. Дагъистаналъул нухмалъигун цадахъ вачIана Болъихъе. Районалда гьесде кIудияб рохалида дандчIвай гьабуна. Гьес киназдаго баркула хъачагъазда тIад бергьенлъи боси. Хъачагъазде данде гьабулеб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло халкъиял ополченцазул цо группаялъе кьуна ВатIаналъул тIадегIанал рагъулал шапакъатал-«Бихьинчилъиялъе гIоло» орденал ... Гьединал шапакъатал рачIана гьеб рагъда гьунар бихьизабурал цогидалги гIахьалчагIазе.

**«Народы Дагестана» журналалдаса босараб. Авгус1999 с**



## АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ 15 СОН ТIУБАЯЛДЕ





# ГIАНДАЛ КЪВАРУН ЧIАНА КЬУРУЛ СИРТ ГIАДИН

ГIамал-гIадат релълъарал мадугьалзаби рукIиналъги, гьоркьоса къотIичIого тIаде-гъоркье щвеялъги батилаха, чачаназулги гIандадерилги кидаго лъикIаб гьоркьоблъи букIана.

Чачаналда рагъ ккараб мехалдаги бищунго цебе кумекалъулаб квер бегьун букIана мадугьалзабазе гIандадерица. Нагагьги рукъ букIун батиларо доб мехалда гIандадерил росабалъ, жидерго росу-ракьги, боцIи-панзги рехун тун лъутизе ккарал чачаназул хъизанал къабул гьаричIеб, лъималазе, херазе хинлъи кьечIеб. ХIатта, цо-цо гIандадерил гIолохъаби, Чачаналъеги ун, рагъдацин гIахьаллъана.

Гьеб киналъухъго кидаго кIочонареб кIудияб «баркала» кьуна мадугьалзабаз гIандадерие.

Дагъистаналде тIаде кIанцIаразда гьоркьор чачанал гьечIин, жидеда гIадада гIайиб чIвалеб бугин Масхадовас маргьаби цIалкIаниги, Болъихъ районалде чабхъен гьабурал чагIи аслияб къагIидаялда Чачан миллаталъул рукIана. БитIараб буго гьезда гьоркьор дагъистаниялги рукIана, амма августалдаса нахъе, дозул я ватIан, я миллат, я намус хутIичIо. Иорданиялде айин абе тIаждаеги магжиеги хъулухъ гьабизе.

Районалдаго рокьукъаб хабар тIибитIараб доб августалъул къоялъ ГIанди мухъалъул гIадамаз, жиде-жидер росабалъ жамагIаталги ракIарун, гьоркьоб лъуна: «Щиб нилъеца гьабилеб?»-абураб суал.

Гьай-гьай, рукIана, батIи-батIиял пикраби, амма ахиралда рачIана цойиде: ахирисев чи хутIизегIан гIагараб ракь цIунизе. Гьединабго хIукму гьабун бугоан бищунго гIагарда ругел мадугьалзаби-Гумбет районалъул цIилкьадерицаги. Бугес бугеб кьвагьулеб жоги босун, хIинкъи цIикIкIараб рахъалдехун къокъана гIандал. ТIоцебесеб сордоялъ кинабгIаги тунка-гIуси ккечIо. ТIасияб къоялъ рукIана Хункарпаша Исрапиловасулгун ва Ширвани Басаевасулгун гара-чIвариял.

-Байбихьуда гьез гьарулеб букIана квал-квал гьабичIого, коридорги кьун, жал Мунирехун риччайилан. ГIандадерил росабалъе рачIинарилан рагIиги кьолеб букIана,-ян бицунеб буго гара-чIвариялда гIахьаллъаразул цояв, Гъагъалъ росдал жамагIатчи Исламов Арзулумица.-Тунка-гIуси, гъалмагъир гьечIого нужехъа рорчIани, бащдаб къоялда жанир жал Буйнакскиялда парахалъилилан реццарулелги рукIана гьел. Нижер изну гьечIого лъицаниги хIетIе чIеларин гIандадерил ракьалдайилан жаваб кьедал, жал къуваталдалъун цере ине ругилан. Къуръаналда кверги чIван, гьедун ругилан хехдаризе лъугьана чачаназул командирзаби. ГIагараб ракь цIунизе ниж гьедизецин кколарин нужецаго бажарараб, кIвараб гьабейиланги абун, ниж нахъе рилълъана.

ГIандадерица «къвал бан» къабул гьарилин ракIалде ккун букIарал чачаназул хъачагъазул хьулал хIорлъана. Хадуб байбихьана унго-унгоял тунка-гIусиял, тIаде кIанцIиял.

Бищунго захIматаб рагъ ккана гъагъадерида тIадехун бугеб «Онщилъгъун» абураб магIарда.

Гьанжесеб заманалъул яргъид кьабун цIурал хъачагъалги, автоматалги тункIал-тунчулги гурони гьечIел гIандадерил ополченцалги цо къоялъ цоцада данде рагъана.

Бицунеб буго гьеб рагъда гIахьаллъарав Гъагъалъ росулъа Шамхалов Рамазаница:

-МаркIачIул бер рукIкIараб гIадаб мех букIана. Раккун рачIана хъачагъал. БачIинахъего кIийиде рикьана гьел. Цоял ЧитIу абулеб бакIалдаса РикIванирехун, цогидал ТвалкIун абулеб бакIалдаса Гъагъалъехун.



Кьвагьулеб жо щолареб гIадаб бакIалда рукIиналъги батила, кутакалда ракIчIун, инсул рокъор гIадин рукIана хъачагъал.

Гьезда гьоркьоса кIигояв, батIаги чIун, тIагъралги рахъун «Аллагьу акбарилан» ахIдезе живана. Ополченцазда цадахъ рагъулел рукIарал ОМОНалъулазул снайперас цо бер къанщилалде ракьалда лъуна «исламалъул рагъухъаби».

Хъачагъал кьвагьдолаго церехун рачIунел рукIана. Данде ополченцазги кьвагьана бугеб-гьечIеб яргъидаса. Ккана кIудияб кьвагьа-гIанхъи. ЛъикIаланго бецIлъана дуниял ва бихьулеб жо букIинчIо. ЦIакъго дагьал жал хутIун рукIана канлъи бихьизе ракулел ракетабиги. Росулъе хабар битIана хехго машинабазул бурдул ритIеян. Гьел къваригIун рукIана ракетабазул бакIалда канлъи бихьизабизе ракизе. ТалихIалъ хеккого росун рачIана гьел. ЦIаги лъун, рехехун гиризарулаан ва гьеб канлъухъе кьвагьдезеги кьвагьдолаан.

СагIат 12 тIубазегIан гьоркьоса къотIичIо кIиябго рахъалдаса цоцаде кьвагьдей. Жидеде дандечIей гьабиялде ругьунлъичIел ва Россиялъул армиялъ дагьалго рездарал чачаназда гъоркь битIахъе ракь гьализабулеб букIана гIандадерица.

ГIадада гуро тIасияб къоялъ Ширвани Басаев Шамилихъе рациялдасан: «Дунялалда бугебщинаб тIухьи бана тIаса гъоркье нижеде гIалхулал гIандадерица»,-йилан кIалъарав.

18 чи чIвана тушманасул ва гIемерал лъукъа-къотIана.

Гьенив лъукъана ва хадув больницаялда хвана, жиндир рухI алжаналъуб батаяв, бахIарчияв гIолохъанчи Бекмирзаев ГIусманги.

Хадубги чанго хIалбихьи гьабуна хъачагъаз рагъги гьабун цебехун нух бахъизе, амма гьел мурадалде щвечIо. РикIвандерил гIолохъабазулгун букIараб кьвагьа-гIанхъиялдаги лъикIалан ками ккана ахIичIого рачIарал гьалбадерие. Хвезабуна техникаги, гьездаго гьоркьоб зениткаги.

ГIанди росдаде тIадехун бугеб, Харами габурлъиялда ккараб хIалуцараб рагъда гьеб росдал гIолохъабазги федералазги ракIалдаса унареб кьаби щвезабуна Чачаналъа хъачагъазда. 28 чи чIвана, гIемерал лъукъана, цо жасус кверде восана, бахъана кIиго автомашина, гьелдаса цояб яргъид цIураб. Жалго хъачагъаздаги гIорхъи-мухъ тезабуна.

Харами габурлъи абуни букIана тушбабазе бищунго кIвар бугеб бакI: гьениса хъатиниб лъураб гIадин бихьулаан гъоркьехун ругел росабалъ бугеб багъа-бачари, гьенисан букIана Болъихъ районалдехун шагьранух. Гьеле гьеб «гIумрудул нух» къотIизабидал кIвана рагъги бергьенлъиялда лъугIизабизе. Щай гурелъул Шамил Басаевасе кумекалъе гьеб нухдасан тIокIаб биччачIелъул ярагъги техникаги.

Гьеб рагъулъ щварал ругъназдаса хадув хвана бахIарчияв гIолохъанчи Расулов Муртуз. Хадур ккарал тунка-гIунсиялда нилъедаса ратIалъана Гъагъалъ росулъа цIа гIадал гIолохъаби ГIабдулхIакимов Исрапил, ИсмагIилов ИсмагIил, ИсмагIилие кьуна (хун хадуб) Бихьинчилъиялъул орден. Гьел киналго ВатIаналъе гIоло рухI кьурал шагьидзабазул Аллагьас мунагьал чурун ратаги.

-Щокъробе щвезегIан ярагъги, гулла-херги, рагъул кIудияб хIалбихьиги бугел тушбабазул чанго гьужум нахъчIвазеги, гьезие церехун ине нух къазеги кин кIвараб тунчулги тункIалги автоматалги гурони гьечIел чагIазда?-йилан чанго чияца дие кьураб суалалъе цого жаваб кьуна гIадамаз.

-Яргъил иш хIакъикъаталдаги квеш букIана,-ян мукIурлъана ГIанди участкаялъул ополчениялъул штабалъул нухмалъулев, Хасавюрт ГОВДялъул начальник подполковник ГIумахан ГIумаханов.-ГIандадерица тушман къезавуна жидерго гIорхъолъа борчIараб къвакIиялъги, къуркьи гьечIолъиялъги.

Дир бадиса магIу чвахулеб букIана ракьцоязул бахIарчилъиялдаса вохиялъ ва чIухIиялъ. Гьадин ургъараб мехалъ, дол балагьал къояз гIандадерица гIицIго жидерго росаби гуро цIунарал, гьез цIунана Дагъистан.

Чанго рагIи абичIого гIоларо живго ГIумаханил хIакъалъулги.

Рагъ байбихьизе кIиго къоялъ цеве гьев, отпускаялда вугев чи, унтарай эбелгун хъизан-лъималгун Железноводскиялде ун вукIана. Дове щун вахъиналдего тIад вуссинеги ккана. Росабазул жамагIатаз гьесда тIадкъана ГIанди участкаялъулго ополчениялъе нухмалъи гьабизе. РитIухъ гьабуна ГIумаханица гIадамазул божилъи, тушбабазда росаби рахъизени киб гурин, росабазде аскIоре къазецин кIвечIо. ГIумахание тIабигIаталъго кьураб къвакIиги, къо ккараб бакIалда иш тIубазе бугеб бажариги, нахъе къай гьечIолъиги-гьеб кинабго цогидазеги лъикIаб мисаллъун букIана рагъда.

КигIан хIинкъи цIикIкIараб мехалдаги, цIа боркьарал рагъал унелъулги цохIониги гIандисес-я гьитIинас, я кIудияс, я руччабаз жидерго росу-ракь течIо.

Бокьун буго рагъулъ бахIарчилъи бихьизабурал цIар-цIар ккун рехсезе.

Гьел ккола рикIвандерил ополчениялдаса Нуцалханов Асламхан (командир), Къудудинов ГIабдулкарим, Мамедов АхIмад, ГIубайдулаев МикагIил, вацал Надирбеговал, гъагъадерил ополченцал-СагIидбегов Асилдер, Насрудинов ШагIбан, Темирсултанов ГIали, ХIамзатов ШагIбан, Сулейманов Сулейман, пенсионер ГIандалаев Якъуб, Зубаиров Абу-Бакар, ГIалиев Карим, Темирсултанов Садула ва цогидалги.

Дида гIандадерил жамагIатаз цIакъ гьарана МахIачхъалаялъул ОМОНалъулав, Хив районалдаса табасаранав Шамсудиние гьесул къвакIиялъухъ ва хIинкъи-къай гьечIолъиялъухъ газеталдасан кIудияб баркала кьейилан.

Аза-азар баркала загьир гьабулеб буго гIандадерица жидее кванил нигIматаздалъун ва цогидалдалъун кумек гьабурал гIемерал дагъистаниязеги. Гьездаго гьоркьоб республикаялъул бетIерав хирург Мажид ГIалиевасе (ГIанди-Гъагъалъе 30 азарго гъурщиде дарабигун вачIарав), Гъизилюрт райадминистрациялъул бетIер М. Дадаевасе ва районалъул бетIерав тохтурасе (I0 азарго гъурщиде дараби ритIарал), республикаялъул ва районазул министрзабазул ва ведомствабазул гIемерисел нухмалъулезе.

…Болъихъ районалдаса хъачагъал нахъе хъамуна, гьениб рагъул гъугъай гьоркьоб къотIана. Амма лъида кIолеб гьеб заманалъулаб сихIкъотIи гурилан абизе. МагIарухъа нахъе хъамуна, гIатIиракьалда тIад кIанцIана. Гьениб жо ккечIони, нахъеги рачIина тIад руссун магIарухъе. ТIадежоялъеги, рогьояб къей лъарал къохьобераз гIандадерилгун тушманлъи лъазабун буго. Харбал руго гьез бутIрул къотIизе «мустахIикъал» чагIазул сияхIцин бахъун бугилан. БутIрул къотIизе рачIаразул жидерго чанги жо къотIизе бегьила, гьеб батIаго кIудияб масъала гуро. Амма цIодорлъи букIине ккела. Я аскарал къваригIун гьечIо гIандадерие, я полициялъул чагIи къваригIун гьечIо-къваригIун буго ярагъ, бокьарав тушманасе жаваб кьезе кIолеб къададаралда.

Абулеб буго власталъул тIогьир ругел чиновникал халкъалъухъе ярагъ кьезе гIедегIулел гьечIилан гIицIго цо гIиллаялъе гIоло-рагъ лъугIарабго (яги лъугIилелдейищ?!) гьеб жидеде, власталде данде буссинабилин хIинкъун.

ГIандадерица абулеб буго ХIукуматалъул бутIруздехун руссун: хIинкъуге, гьудулзаби, ниж киданиги политикаялде гъорлъе лъугьарал яги лъугьине ракIалда бугел чагIи гуро. Нижер политика гIицIго цо буго-гIагараб росу-ракь ахIичIого вачIарав бокьарав гьоболасдаса ясбер гIадин цIуни.

***ГIУМАХАН ГIАНДИЙСКИЙ.***

# МЫ БЫЛИ ВМЕСТЕ

## *Записки из дневника генерала Сергея Оленченко*

## Ботлих 1999 год. Мы там были....

Есть среди многих тысяч предсказаний Нострадамуса одно четверостишье, особенность которого заключается в том, что в нем Нострадамус непосредственно называет точную дату начала «третьего всемирного потопа крови человеческой» Дата начала этой войны-август 1999 года.

**В год 1999 и 7 месяцев с неба явится**
**великий король Устрашения,**
**Чтобы возродить к жизни короля моголов.**
**Перед тем и после того**
**Бог войны счастливо царствует».**

## ХРОНИКА НАПАДЕНИЯ

***(Сообщения и доклады руководителей и дежурных частей ОВД)***

7 августа , 8 часов 55 минут по телефону доложил заместитель начальника Ботлихского РОВД, начальник криминальной милиции майор милиции Абдуллаев. 7 августа в 6 часов 45 минут из Ансалтинского ПОВД поступило сообщение о том, что в 6 часов утра группа бандитов численностью до 1000 человек со стороны Чеченской Республики перешла административную границу с Дагестаном. По имеющимся данным бандиты вооружены стрелковым оружием и оружием группового огня. По указанию начальника Ботлихского РОВД подполковника милиции Набиева Д. наряд милиции численностью 15 человек, несший службу на КПП около селения Ансалта отошел в сторону Зибирхалинского КПП и укрепился.

В селении Ансалта бандиты захватили здание поселкового отделения милиции, где находился наряд милиции численностью 8 человек, разоружили их (завладели 8-. Автоматами Калашникова и боеприпасами к ним), самих сотрудников отпустили.

Далее боевики двинулись в сторону селения Рахата. Селения Ансалта и Рахата окружены бандитами, они роют окопы на высотках, готовят мешки с песком, готовятся к обороне.

В районе аэропорта Ботлих разворачиваются подразделения Министерства обороны РФ, прибывшие из Буйнакска.

**Справка:** ***численность Ансалтинского РОВД 40 человек, 9 офицеров и 31 милиционер.***

9 часов 35 минут начальник криминальной милиции Ботлихского РОВД Абдуллаев доложил, что боевики продолжают укрепляться на окраинах селений Ансалта и Рахата. По сведениям полученных от беженцев из обоих селений, среди боевиков много арабов, есть узбеки, русские, аварцы.

В помещении Ансалтинского поселкового отделения милиции разместился Шамиль Басаев.

В селении Рахата бандиты готовятся отпускать стариков, женщин и детей. В обоих селениях захвачены практически все автомашины. После длительного перехода через перевал, бандиты выглядят уставшими и передвигаются по селению только на автомашинах.

Около селения Шодрода Ботлихского района, боевики остановили автомашину КРАЗ, избили водителя и забрали груженную автомашину.

**10 часов 55 минут.** Из захваченных бандитами селений потянулись колонны местных жителей, Шамиль Басаев по прежнему находится в селении Ансалта. Эта информация подтверждена офицером Управления «Дагестанская граница» МВД РД, которому удалось в гражданской одежде проникнуть в селения Ансалта. В селении Шодрода находится группа боевиков около 30 человек.

**11 часов 27 минут** начальник криминальной милиции Ботлихского РОВД Абдуллаев – на склоне и вершине горы «Хамиль Эн» над селением Миарсо Ботлихского района появилась группа боевиков численностью примерно 50 человек, вооружены стрелковым оружием. Бандиты на склоне горы появились со стороны селения Годобери Ботлихского района.

На горе «Хамиль-Эн» около селения Ашино появилась группа боевиков около 150 человек. С вершины горы бандиты имеют прекрасную возможность контролировать обстановку на территории прилегающей к районному центру Ботлих, селениям Годобери, Шодрода, Рахата, Ансалта, Рахата, Тандо. В северо-западном направлении от райцентра замечена большая группа боевиков, численность, которой установить пока не представилась возможность. Похоже боевики берут в кольцо районный центр Ботлих. Свободным остается только андийское направление.

**12 часов 37 минут** заместитель командующего ОКПО генерал Бондарев С.П. сообщил, что колонна парашютно-десантного батальона, воздушно-десантной дивизии, совершающая марш из селения Хунзах растянулась примерно на 50 км. от селения Тлох Ботлихского района до районного центра Цумадинского района Агвали. Часть личного состава размещена на аэродроме Ботлих. Просил оказать помощь в обеспечении охраны колонны.

**13 часов 35 минут** начальник криминальной милиции Ботлихского РОВД доложил, бандиты начали эвакуацию жителей селений Ансалта и Рахата. В селении Ансалта появился Хаттаб, где Басаев разместил свой штаб.

С территории Чеченской Республики, со стороны озера «Кезеной Ам» вглубь Ботлихского района некоторое время назад проследовала колонна КАМАЗов с боевиками и сведений о численности боевиков пока нет. К середине дня представителям Ботлихской администрации боевики выдвинули требования о немедленном выводе подразделений Федеральных сил из Дагестана и пропуске колонны боевиков в Цумадинский район.

**В 13 часов 45 минут** в Цумадинский район вылетел министр внутренних дел Республики Дагестан генерал-лейтенант милиции Магомедтагиров Адильгерей Магомедович.

**15 часов 10 минут** дежурный Гумбетовского РОВД доложил, что в местности «Корта» Гумбетовского района и «Зеркота» Ботлихского района наблюдалась группа боевиков из 4 человек, которая вела наблюдение за Тлохским ( территория ответственности Ботлихского РОВД) контрольно-пропускным пунктом.

**16 часов 25 минут** дежурный Ботлихского РОВД доложил, что в селении Рахата боевики с использованием бульдозера возводят земляные сооружения, роют окопы, гражданское население покинуло селение. Два боевых вертолета в три захода, отработали по позициям боевиков в районе Рахата.

В местности «Кихо» на речке между селениями Миарсо и Годобери наряд милиции Ботлихского РОВД, выехавший по сообщению о появлении бандитов, вступил в бой.

**17 часов 10 минут** дежурный ФСБ по РД подтвердил информацию о том, что в поселковом отделении селения Рахата состоялась встреча заместителя главы администрации Ботлихского района Керимова с Басаевым Шамилем, Тагаевым Магомедом и Абдулмажидовым Магомедом, в ходе которой бандиты выдвинули требования о выводе Российской Армии с территории Дагестана. Кроме того, стало известно, что с территории Чечни бандитам постоянно прибывает подкрепление.

Чуть позже поступила информация о том, что в районе селений Анди и Гагатли Ботлихского района появилась группа боевиков около 300 человек и обратилась с требованием к местному населению, пропустить их в сторону селения Зило, что означало бы полное окружение районного центра. Андийские старейшины при поддержке всего населения селений препятствуют проходу боевиков. Боевиков возглавляет брат Басаева Ширвани.

Все высоты над районным центром и местным аэродромом Ботлих заняты боевиками, на аэродроме разместились подразделения ВДВ МО РФ.

**18 часов 24 минуты** из Ботлихского РОВД доложили, что бой в местности «Кихо» закончился, бандиты были вынуждены отойти в ущелье, потерь среди личного состава нет.

**19 часов 50 минут** заместитель начальника Ботлихского РОВД доложил, что в связи с опасностью окружения Зибирхалинского КПП, начальником РОВД была дана команда наряду милиции отойти к селению Годобери.

**23 часа 30 минут.** Из беседы на посту Буйнакском ГИБДД с беженцем из селения Ансалта Ботлихского района стало известно, что боевики пришли в селение рано утром. Милиционеров не трогали, а лишь предложили оставить оружие и уйти, что последние и сделали. Никого из местных жителей не трогали, а владельцев личных автомашин заставляли развозить их по селению и в соседние селения. Вооружены бандиты очень хорошо. Их возглавляет лично Басаев Шамиль, которого многие знают по телевизионным передачам. Басаева видели многие сельчане. Среди боевиков много арабов, чеченцев, узбеков, есть дагестанцы и русские (в основном бывшие солдаты МО РФ, попавшие в плен и они вооружены хуже), много женщин. Численность боевиков определить не может.

Боевики говорили, что пришли для того, чтобы установить исламский порядок. Проникнуть в селение мог каждый человек в гражданской одежде. Беженцы убеждены, что боевики не уйдут, даже если уйдут войска. В разговорах боевики не рекомендовали беженцам ехать в Махачкала т.к. по их мнению, там будет ещё хуже, чем здесь.

***Так развивались события 7 августа 1999 года в Ботлихском районе, так их можно было представить по сообщениям и докладам руководителей органов внутренних дел и дежурных частей.***

*(Продолжение следует)*

**До начала боевых действий мы располагали информацией о вооруженных структурах Чечни, подконтрольных Масхадову А.:**

- национальная гвардия - 1000 боевиков,
- президентская гвардия – 300 человек,
- шариатская гвардия до 200 человек,
- полк исламской безопасности – 200 человек,
- министерство внутренних дел – 5,5 тыс. человек,
- служба национальной безопасности до 300 человек,
- департамент погранично - таможенной службы, на вооружении которого находились БТРы, зенитные установки, ПЗРК «Стингеры».

**Состав незаконных вооруженных формированиях ЧРИ – неподконтрольных Масхадову:**

-численность группировки Хаттаба составляла 2000 человек,
- группировка братьев Басаевых – до 1500,
- отряд Салмана Радуева до 500,
- отряды Руслана Гелаева, Вахи Асанова и Шамиля Хоташаева по 300 человек.



**Генерал С. Оленченко с боевыми друзьями**

## С П Р А В К А

**Всего силовые структуры Чечни на август 1999 года:**

**Личного состава 8500 человек.**

**На вооружении:**

| | |
|---|---|
| танки различных модификаций – 6 единиц; | |
| БТР и БМП | - 20 единиц; |
| минометы | - 11 единиц; |
| зенитные установки ЗУ-23 | - 11 единиц; |
| ПЗРК | - 23 единицы; |
| Боевая машина «Град» БМ-2I | - 2 единицы; |
| ПТС (различные системы) | до 150 единиц. |



# АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-ГЬАБ ГІАСРАБАЗ









Сонидаса-сониде, къойидаса-къойиде рикІкІалъулеб буго нилъедасан 1999 соналъул август-сентябралда нилъер Болъихъ, ЦІумада, ЦІияб Лак районазда букІараб рагъулаб лъугьа-бахъин ва гьениб районалъул тІолалго гІадамазги ва нилъее кумекалъе рачІарал федералиял аскариязги бихьизабураб тІадегІанаб патриотизмги, бахІарчилъиги ва цоцалъ букІараб интернационалияб гьудуллъиги.

Амма дун божарав вуго кигІан цІикІкІун сонал аниги районалъул жакъасел ва рачІинесел гІелазда гІасрабаз гьеб кІочене гьечІолъиялда ва щибаб нухалда гьеб ракІалде щвезабиялъ нилъерго ракьалде бугеб рокьиги, гьеб ясбер гІадин цІунизе таваккалги , нилъерго бахІарчиял умумузул гьеб рахъалъ бугеб васигатазе ритІухълъиги, нилъедаго жанибги ва батІаго кІудияб гІурус халкъгунги бугеб вацлъигун гьудуллъиги жеги щула гьабиялъе квербакъизе букІиналда. Гьанибго абила: **гьеб кинабгоялъулъ буго нилъер талихІги, цебетІейги ва хІинкъи гьечІолъиги.**

Кинха байбихьараб, араб ва лъугІараб гьеб рагъ? Гьеб суалалъе жаваб кьезе ккани бицине ккола гьелъие букІараб гІиллаялъул хІакъалъулъги.

Советхалкъалъул божилъи бичарал цо-цо Б. Ельцин гІадал гьереси-демократазул балъгояб хІаракатчилъиялдалъун дунялалдаго цІар араб, бищунго халкъияблъунги, бищунго демократияблъунги, бищунго ритІухъаблъунги ва гуманитарияблъунги букІараб СССР (Союз Советских Социалистических Республик) биххизабиялдаса хадуб Россиялъул Федерациялъул пачалихъалъул нухмалъиялде ккарал гьелго гьереси-демократал-цІогьабазул политикаялъ рухІдакъ гьабураб Россия жеги бикь-бикьизабун биххизабизе, тІоцебесеб иргаялда гьелдасан Дагъистан батІа гьабизе, хІалтІулеб букІана бетІералда США-гун халкъазда гьоркьосеб экстремизм.

Гьеле, гьеб мурадалъе Северияб Кавказалъул республикабазда хІалтІизе байбихьана США-ялъул, Англиялъул рикІкІен гІемерал миллиардал доллара́л . ГІуцІана экстремистал-хъачагъазул балъгоял группировкаби. Гьезде гьорлъе цІана доллар бихьидал тату холел ва пикру мукъсанал цо-цо дагъистаниялги ва цогидал республикабазулалги…

Гьезие нухмалъи гьабизе, ричун росун ва цІияб гІуцІиялда чІахІи-чІахІиял хъулухъал кьезеян рагІабиги кьун, тІамуна Басаев, Хаттаб ва гьезда релъарал цогидалги…

Дагъистаналда жидерго гьеб мурад тІубазабизе гьез байбихьана щокърокье щун гьанжесеб яргъидалъун гІуцІарал халкъазда гьоркьосел хъачагъазул боял, 1999 соналъул 4 абилеб августалда чачан ракьалдасахун нилъер мадугьалзаби цІумадисезул ракьалде жанире лъугьиналдалъун. Узухъда, хъачагъазе гьениб батана унго-унгояб дандечІей…

Гьелго хъачагъазул цогидал группабаз нилъер районалде жанире лъугьиналъе тІаса бищун буго тІабигІияб рахъалъ жидеего лъикІго санагІатаб рахъ-АнсалтІа росдалгун чачаназул ругел гІорхъаби…

ТІолабго росу кьижун бугеб заманги тІаса бищун гьениса гьоркье рачІарал яргъид гІуцІарал рикІкІен гІемерал хъачагъаз сверун ккун буго АнсалтІа. Гьебги ва гьоркьоса къотІичІого РахатІа, Шодрода росабалъехун унел ругел хъачагъазул боялги рихьидал йиххун хутІун йиго рогьалилъ жиндирго хІажалъиялъе къватІие ячІун йикІарай ансалтІасей. Гьелъ бараб ахІиялъ, гьеб параялъго, тІаде рахъуна росдал чІахІиялги гІисиналги. Хъачагъазухъеги ун, росдал нухмалъулез ва росдал вакилзабаз тІалаб гьабула тІокІалъ нахъ бахъичІого рачІаралъуре тІад руссин.-Ниж нужеца абун тІад руссине гурел, нужер гьаниб бацІцІадаб ислам гІуцІизе Аллагьасго ритІарал руго,-ян абун буго гьез. Гьебго жаваб гьабун буго гьез ансадерицаго гІадаб тІалаб цебе лъедал, хеккого тІаде щвараб, бетІералда районалъул бетІерасул тІоцевесев заместитель ГІ. ГІалимухІамаевгун, районалъул делегациялъеги.

Хъачагъазул къуркьи гьечІолъиги ва мурадги бичІчІиндал районалъул делегациялъ жиндирго пикру дандбала росдал нухмалъулезулгун ва жамагІаталъулгун.

-Гьалмагъзаби,-ян абуна гьез,- нилъер чІорогосел квераз яргъид гІуцІарал хъачагъазе гьабизе жо гьечІо. Гьеб нижеца телефоналъ дандбана республикаялъул нухмалъулезулгунги. Гьезул амру буго хъачагъазде данде федералиял аскарияз хасаб операция гьабизе ккани, чара гьечІого хІажалъулин росдал тІолалго гІадамаз заманаялъе росу тезе. Гьел киналго къабул гьариялъе бакІал хІадурун ругин МахІачхъалаялда сверухъ ругел лагераздагун хІухьбахъиялъулал рукъзабахъ. Гьенире нуж рехиялъе транспорт хІадуризе тІадкъана районалъул нухмалъулезда…

Ахирги гьелда рекъезе ккана ансал. РекъечІого гьанив хутІарав ункъгояв шагьидлъана гьеб рагъулъ. Амма гьез хІукму гьабуна руччаби, лъимал, кІудиял чагІи гочинаризе гьел бакІазде, гІолохъабаз райцентралда ополченцазулал отрядал гІуцІизе ва федералиял аскариязда цадахъ лъугІун росу эркен гьабиялъе къеркьезе…

Гьединго ккана Шодрода, РахатІа росабалъги.

Гьеб битІараблъун букІин бихьизабуна гІумруялъги. Ансадерил ополченцазулаб гІуцІиялъе нухмалъи гьабизе тІаде босана доб заманалда районалъул казначействоялъул начальниклъун вукІарав М. Лабазановас, штабалъул начальниклъи- К. ШагІбановас. Гьоркьоб заманго инчІого гьезде гьорлъе журана Шодрода, РахатІа ва ТІандо росабазул гІолохъаби-ополченцалги. Гьез аскариязе хІинкъи гьечІого кумек гьабулеб букІана хъачагъал цІикІкІун дандракІарун ругел бакІазде гьелгун цадахъ ун хІинкъи гьечІел нухал рихьизариялъе. Гьелъ лъикІал хІасилалги кьолел рукІана. Цо-цо заманалдайин абуни, гьел кколел рукІана аскариязул рагъулал операциязулъ гІахьаллъизеги.

Хъачагъазде дандчІараб унго-унгояб ополченцазулаб багъа-башари букІана Болъихъ росулъгун райцентралдаги. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букІана доб заманалда Болъихъ №I школалъул физкультураялъул учительлъун вукІарав МухІамадхІажи МухІамадхІажиевас (Бух). Гьезие ярагъ щвезабиялъулги ва малъа-хъваялъулги рахъалъ кидагосеб кумек гьабулеб букІана районалъул прокурорлъун вукІарав М-Ш. Къурбановас. Кинго гьаниб рехсечІого гІоларо райцентралъул ополченцазеги кумекалъе къватІисан рачІаразеги хинаб квен-тІех хІадуриялда рукІарал «Солнышко» ясли-ахалъул хІалтІухъабазулги, гьелъул заведующая З. ГІазаевалъулги ва кинабгоялъе нухмалъи гьабулей йикІарай С. Ражабдибировалъулги патриотикияб хІаракатчилъиялъулги..

Хъачагъазде данде аскариязулги, милициялъулги ва ополченцазулги къеркьей цадахъ рекъезабиялъе хІалтІи гьабулеб букІана районалда гІуцІун букІараб республикаялъулаб штабалъул нухмалъулев ХІ. МахІачевасги, росдал гьоялъ гурого бацІ кколарин абухъего, батІаго нилъерго ракьцояв М-ХІ. ЗайнулгІабидовасги ва гьеб штабалде гьорлъе унев вукІарав районалъул бетІерлъун вукІарав М. ГІумархІажиевасги.

## -БАХЪИНАЗ 15 СОН ТIУБАЯЛДЕ



# КIОЧЕНАРО ГIЕЛАЗДА

Щибаб сордойилго данделъулеб букIараб гьеб штабалде ахIулаан ва тIадкъаял (задание) кьолаан АнсалтIа участкаялъул ополченцазул нухмалъулев М. Лабазановасеги.

Хъачагъазде данде къеркьеялъул ополченцазулал штабал хIалтIулел рукIана ГIанди, Гъодобери, Гъагъалъ ва цогидал росабалъги. ГIанди участкаялъулго ополченцазул оперативиябгун оборонаялъулаб ишалъе хадув гъун нухмалъи гьабулеб букIана милициялъул полковник ГIумахан ГIумахановас. Гьезул бахIарчияб хIаракатчилъиялдалъун кIвана ГIандисахунги Гъагъалъахунги рачIун Мунирехунги ун, Болъихъ-МахIачхъала нух къазехъин букIараб хъачагъазул стратегияб план хIорго хутIизабизе…

Тохлъукьего, хъачагъаз кверде босун букIараб Гъоркь Гъодобери, гьоркьоб заманго инчIого, эркен гьабиялъулъ унго-унгояб патриотизм ва умумузул васигаталъе бугеб ритIухълъи бихьизабуна гъодоберисезул гIолохъабазги…

Гьанир киназулго цIарал рахъичIониги, цо-цо гьереси-хабарчагIаз абулеб букIахъе, лъица букIаниги ахIун гурел, бетIералда СШАгун Западалъул долларараздалъун, дица тIадехун абухъе, хасаб къасдалда гIуцIун рукIарал ва гьанжеги ругел халкъазда гьоркьосел хъачагъал хIакъир гьарун нахъе гьеялъулаб къеркьеялъулъги, Дагъистаналъул конституциялъулаб гIуцIиги, Дагъистаналъулги ва кIудияб гIурус халкъалъулги биххи гьечIеб вацлъиги, гьудуллъиги ва цадахъаб талихIаб букIинесебги цIуниялъулъги бергьенлъи босана районалъул тIолалго росабазул гIадамазулги, федералиял аскариязулги, милициялъул хIалтIухъабазулги, тIолалго дагъистаниязулги Россиялъул тIолалго халкъазулги цадахъаб, бахIарчияб, патриотикияб, вацлъиялъулабгун интернационалияб ва бичIчIи бугеб къеркьеялъ.

Гьеб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло, гьелъул нус-нус гIахьалчи мустахIикълъана ВатIаналъул тIадегIанал рагъулал шапакъатазе. Рагъул байбихьудаго унго-унгояв патриот ва бахIарчи, жеги балугълъиялде щвечIев ансалтIасев ХIажимурад НурахIмаевас хъачагъазухъан тохлъукьего босараб автоматалъ 4 хъачагъ гIодове рехиялъул хабар Россиялда гуребги дунялалдаго тIибитIана. Гьелъие гIоло хун хадув гьесие кьуна «Россиялъул БахIарчи» абураб цIар. Гьесулги ва районалда тIоцебе хъачагъаздехун жиндирго ярагъ хIалтIизабурав шодродисев учитель ГIабдула ХIамидовасулги бахIарчиял мисалаз жеги цIикIкIинабуна хъачагъазде дандечIеялъулаб дух ва божилъи. Тушманасде дандечIеялъулъ ва къватIиве гьеялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гIандисев гIолохъанав ополченец МуртазагIали Хъазаналиповасе кьуна (хун хадуб) «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIар. Хадувго гьелъие мустахIикълъана милициялъул хIалтIухъан гъодоберисев ДибирхIажи МухIамаевги…

Гьел августалъулаб рагъул къоязда районалъе кумекалъулаб квер бегьана Дагъистаналъул районазги Россиялъул киналго субъектазги.

Районалъул гIадамазул тIадегIанаб патриотизмалъеги бахIарчиял умумузул «хвалченгун вачIарав хвалчадалъун нахъе гъезе ккола» абураб васияталъе бугеб ритIухълъиялъеги нугIлъи гьабулеблъун ккола гьединго улкаялъул кинаб точкаялда рукIарал нилъер ракьцоял, гьел къояз гIагараб ракьалдеги рачIун ополченцазде гъорлъе лъугьин. РачIинчIого хутIарал цо-цоял цогидаб ишалъегIаги щвечIого чIечIо.

Гьанибго абизе ккола, къокъабго заманалда хъачагъал нахъе гьеялъе бетIераб шартIлъун букIанин гьезде данде гьабураб федералиял аскариязул рагъулаб операция.

Амма абила, бищунго бетIераблъун букIанин Дагъистаналъул халкъалъул гъунки, цолъи. Гьеле, гьеб хIисабалде босун гьечIоан чияр ракьал рахъулез. Гьезда ракIалде ккун букIана Дагъистаналъул гъунки биххизабизе кIвелин ва обществоялъул цо бутIа гьезда хадуб инин ва хадуб тIолабго Дагъистанги Россиялдасан батIа гьабилин. Амма гьезда хадув лъугьунев чи Дагъистаналъул бичIчIи бугеб халкъалда жанив ватичIо. Гьадинаб эркенаб, сахаватаб ва гьарзаяб гIумруялдасанги инкар гьабун лагълъиялдеги, хIакъирлъиялдеги щивха инев, цIакъго пикру мукъсанав гурони! Амма цо-цо чиновниказул гIорхъолъа борчIараб коррупциялдеги ва халкъалъул буголъиялъул намус-яхI гьечIел цIогьабаздеги щцим бахъиналъ къосинарулелги камулел ратиларо. Нагагь ратани гьездаги бичIчIине ккола жакъа гьечIони, метергIаги гьеб тайпаялде пачалихъалъул квер щвезе букIин ва Россиялъул рачIунел гIелазул гIумру тIегьазе букIин.

**«Нилъеца кинабго бегьулебщинаб гьабизе буго Севернияб Кавказалъул тIолалго гIадамазул гIумру гьарзаяблъунги ритIухъаблъунги ракълилаблъунги букIинабиялъе. Гьелъие квал-квал гьабулезде балагьизе руго»,**-ян абулеб буго Президент Путинил Федералияб Собраниялде бугеб ХитIабалда.

Августалъулаб рагъ ва гьениб нилъеца босараб бергьенлъи хираго чIана нилъее. Гьелда нахъе буго гьелъие гIоло кьураб II7 чиясул гIумру.

ЛъикIлъи лъалел гIелаз гIодоре щвезегIан бутIрул къулила гьезие!

Рагъда хадусел къоязда районалде рачIун рукIарал Россиялъул хIукуматалъул бетIер, гьанжесев Президент В. Путиницаги ва Дагъистаналъул бетIерлъун вукIарав М-ГI. МухIамадовасги районалъул ополченцазеги ва тIолалго дагъистаниязеги тIадегIанаб къимат кьуна.

**-«Нужеца бихьизабуна унго-унгояб патриотизм бахIарчилъи Цебе дица дагъистаниязул хIурмат гьабулаан, гьанже абуни дие нуж рокьана»**,-ян абуна В. Путиница.

Жакъа, добго СШАялъул хIаракатчилъиялда халкъазда гьоркьосеб хIалуцараб, гьезул хъубал, агрессивиял къасдал тIуранго загьирлъараб ва гьел нилъер гIорхъода бугеб Украиналде щун ругеб гьаб заманалда I999 соналъул августалъулал къоял жеги ракIалде щвезаризе, жеги гьезул гъваридго хIисаб гьабизе ккола нилъер щивас. Гьелъ нилъее кьезе ккола жеги цIикIкIун цIодорлъиги, гъункиги, гIагараб ракьалдеги ВатIаналдеги жеги цIикIкIараб рокьиги ва божилъиги.

Аби буго: **араб кIочаразе букIинесебги бичIчIунарилан.**

Ахиралда цо патриотикияб предложениеги кьезин. Августалъулаб рагъда бергьенлъи босаралдаса 15 сонилаб юбилей кIодо гьабулеб къоялъ тIадаб къагIидаялда лъикI букIинаан гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло орденалгун медалал щварал киналго гьел карандаги ран, къватIире рахъани. Гьелъ кIудияб асар гьабилаан гIун бачIунеб гIелалъе ва гьел хутIилаан кIудияб чIагояб мисаллъун.

*Ш. ЛАБАЗАНОВ.*












АВГУСТАЛЪУЛАЛ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЗ 15 СОН ТIУБАЯЛДЕ



# ГIАСРАБАЗ ХУТIИЛА ГIЕЛАЗЕ МИСАЛЛЪУН



ГIагараб росдаде рокьи цIикIкIарав
Вижараб ракьалъе ритIухълъи ккурав
Гьобол-гьудуласе нодо щвакарав
Росдал гIадамазул рекIелъ хутIарав.

Мун нижер учитель-абадиялъе
Мун нижер БахIарчи-гьаб тIалъиялъе
Дур пикру, дур калам росуцоязе
ГIасрабаз цIунила, дуе хвел гьечIо.

Гьале исана 15 сон тIубалеб буго халкъазда гьоркьосел хъачагъаз божуда рекIкIги гьабун, нилъер гIагараб ракьалде вахIшияб чабхъен гьабуралдаса. РакIалде щвезабе доб анкьабилеб августалъул гIодоре накIкIал тIупараб, роччараб щамат къоялъ радакь, хъахIлъи рехилелдего, щокъронире щвезегIан яргъид гIуцIарал хъачагъаз сверун ккурал ТIандо, РахатIа, АнсалтIа, Шодрода, Зибирхьали росабазул гIадамазул каранда лъун букIараб цIа, гьезда чIун букIараб къо. Гьеб къо гIасруялъ кIочонареб чIегIераб лъалкIлъун лъугьана нилъер таварихалъулъ. Умумузул аби буго, бахIарчи къо ккедал лъалилан. Лъазеги лъана, абухъего чанги рукIун руго гьел «хъубчузулъ» рахчун. Гьеб бихьизабуна тушбабазда цере щулияб чIагояб сангарлъун чIарал ополченцазул къокъабаз.

«Рагъалъ вас гьавуларин, гьавуравги хвезавулин» абухъего, гIемер камиял ккана нилъер бахIарчиял ополченцазе, полициялъул хIалтIухъабазе ва рагъулал аскариязе. Гьезул цIарал « меседил» хIарпаз хъван руго районалъул бетIераб майданалда лъураб памятникалда. Щибаб росулъа рахъана ва росдал гIадамазда тIатана жиде-жидер бахIарзал.

Гьеб рагъалъ гъункизабуна ва цолъизабуна улкаялъул, Дагъистаналъул ва районалъул гIадамал. Киназулго мурад цо букIана-гIагараб ВатIан рокьукъал тушбабаздаса эркен гьаби.

ВатIаналде къо ккедал, кьерун чIечIо, мунагьал чураяв, Шодрода росулъа ХIамидов ГIабдулаги. Гьес бихьизабураб бахIарчилъи наслабаз наслабазухъе кьун, гIасрабаз кIочонареб мисаллъун хутIизе буго гIун бачIунеб гIелалъе.

ГIагараб ракь рокьукъав тушманасдасан цIунулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ХIамидов ГIабдула мустахIикълъана Москваялъул Кремлялъул кIалгIаялда РФялъул Президент В. В. Путиница кверги бачун кьураб «Бихьинчилъиялъе гIоло» абураб медалалъе ва рукьалда балеб меседил сагIаталъе.

Кидаго ракIчIей букIунаан дир вукIарав учитель, жамгIияв хIаракатчи, росдал насихIатчи ХIамидов ГIабдулал чорхолъ бугеб патриотизмалда ва гIагараб ракьалдехун бугеб гIорхъи гьечIеб рокьиялде. Гьеб гьедин батизеги батана.

Доб хIалуцин цIикIкIараб, хъачагъал цIи гьаналде чудкал киннигин, тIавап гьабун рещтIун чIегIерал гъудуз гIадин гIагараб ракь тушбабаз цIун бихьараб мехалъ, ГIабдулал ццин гьалаглъана. Гьесда бихьулеб букIана ахIичIел «гьалбал» рагъ гьабичIого, гулбузул цIад тIаде биччачIого жалго нахъе ине гьечIеблъи. Гьеб бичIчIарав ГIабдула кодоб ярагъги ккун вахъун чIана ополченцазул тIоцебесеб кьерда. Жиндирго автоматалъул манзилалда тущбаби гIагарлъаралго ГIабдулаца биччараб автоматалъул иргаялъ, тушбаби рахърахъалде тирщизаруна. Гьелъул хIасилалда хъачагъазул кIигояв лъукъидал, ГIабдулада якъинго бичIчIунеб букIана жив хъачагъаз чIвачIого толареблъи. «БачIунелъул пикру гьабулев чи бахIарчи вахъунарин» абухъего. Базе ккана ГIабдулацаги Хаттабил кверщаликь I2 къо ва шаригIаталъул судги гьабун хъачагъаз хIукму къотIана гьев къватIиве виччазе. Гьелъие гIилла букIун буго ГI. ХIамидовас лъукъарав хъачагъас рецIел босизе инкар гьаби. ГIабдула чIвай, тIутI чIвай гIадаб жо букIана гьезие. Амма тушбаби щаялиго гьелде инчIо. Гьелъул гIаксалда, кIудияб адаб-хъулухъалда къватIиве виччана. ХIатта, туснахъалъув гьезул цIобалда, асирлъуда вугониги, гьесдехун лъикIаб бербалагьи букIана гьезул. Асирги гьавун, гьезул кверщаликь вугеб заманалда гьединаб бербалагьи жиндехун чIезабизе кIвей, гьеб ккола ГIабдулал жиндирго гьунар. Гьесул бахIарчияб гьунар наслабаз наслабазухъе кьун, даимго рекIелъ цIунизе букIин ккола бищунго кIудияб шапакъатлъун.

«Вижухъе чи, бежухъе чед»-йилан абула умумуз. ГьитIинго букIанин абун бицуна росдал кIудияз ХIамидов ГIабдулал бахIарчияб, бер гIорцIараб, гIадамазул рекIелъе босулеб гIамалхасият. Гьес киданиги ватIа гьавулароан инсан. Гьалбадерие гьес гьабулаан умумуздасанго ирсалъе щвараб хинаб, берцинаб дандчIвай.

ГI. ХIамидовасул букIунаан щивасе данде кколеб берцинаб хасият: гьитIиналгун велъа-вохун, гьел реэдизеги, гIолохъаназе-малъа-хъваял, насихIатал гьаризеги, кIудиязухъ гIенеккизеги, ккаралъув ватизеги, хIалтIуда букIине кколеб кьвариги. ТIоцебе жиндасанго, хадуб учительзабаздасанги тIалаб гьабулаан гьес хIалтIулъ жавабчилъи букIинаби. Гьев вукIана лъайги махщелги тIалабчилъиги камилав нухмалъулевлъун. Гьел киналго тIадегIанал хасиятаз квербакъулеб букIана школалъул цIалдохъабазул лъаялъул ва рухIиябгун патриотикияб качество борхизабиялъе.

ХIамидов ГIабдула росдал гIадамазе ва гьев лъалевщинал рикIкIен гIемерал гьудул-гьалмагълъиялъе хутIана-божилъи бугев, ракIчIарав, ккараб къоялъ хIалае ватулев гьалмагълъун, школалъе-бажари бугев, махщел камилав нухмалъулевлъун, лъималазе-лъикIав эменлъун, эбел-инсуе гурхIел-цIоб, адаб-хIурмат бугев васлъун, яцазе –мугъ чIвазе хIубилъун, гIагарлъиялъе-тухум кьибилалъул чIухIилъун, росдал гIадамазе унго-унгояв инсанлъун ва патриотлъун, ВатIаналъе-бахIарчияв васлъун. Гьесул цIар гIасрабаз кIоченчIого, наслабаз наслабазухъе кьун, абадиялъего щивасул рекIелъ цIунизелъун буго, 2009 соналъул 23 маялъ Шодрода росдал гьоркьохъеб школалъе кьураб гьесул мустахIикъаб цIар.

Жакъа районалъул чIухIилъун ккола I999 соназул лъугьа-бахъиназулъ бихьизабураб гьунаралъе гIоло «Россиялъул БахIарчи» абураб цIаралъе хун хадур мустахIикълъарал ХIажимурад НурахIмаев, МуртазагIали Хъазаналипов, гIун бачIунеб гIелалъе чIагояб мисаллъун вугев ДибирхIажи МухIамадов ва Шодрода росулъа унго-унгояв инсан ва патриот ХIамидов ГIабдула. Гьезул гьунар ва бахIарчилъи гIасрабаз хутIила гIелазе мисаллъун..

***З. ГIУМАРОВА.***

# ГЪОДОБЕРИСЕЗУЛ ГЪАЛБАЦIАЛ

БахIарчилъигун хIинкъи-къай гьечIолъи, ккараб къо хвалил бадиса-бадиреги ун, хвалчабазе чурхдулги гуллие керенги кьун рагъи, росу, Дагъистан ва улкаго цIуни гIодоса тIадего хасиятаб буго Гъодоберисезе. Гьелъие нугIлъи гьабулеб хвел гьечIел мисалаллъун ккола росдал басрияб хабалалъ ругел заназда гьарурал хъвай-хъвагIаял. Руго гьел Дагъистаналъул эркенлъи, исламияб диналъул бацIцIалъи, эбел-яцазул, ясазулгун лъудбузул намус, жидерго чилъи цIунун Шамил имамасул бетIерлъиялда ва цебехъанлъиялда гьабулеб рагъулъ шагьидлъаразул занал. ХIакъаб, ратила гьел рекъав Тимурилгун гьесдасаги гIасияв, тIолабго дунялалдаго ханлъи гьабилин вукIарав нахъегIанаб мурадалде щвезелъун чанги улкаялъул халкъазда тIад михир бачарав, амма Дагъистаналъул халкъалъ, хасго-магIарулазул бахIарзаз цIунцIрабазул гохIгIанги гIемераб аскарги гъурарав, хутIаралги рачун гIалхул гIанкI гIадин живгоги лъутизавурав Надиршагьасде данде рагъаразулги. Цогидалго гIадин, гъодоберисел гIахьаллъана гIурусазулгун япониязулги рагъдаги. Хасаб



бахIарчилъи бихьизабуна кIудияб ВатIанияб рагъдаги.

Умумузул, кIудияв вацазул бахIарчиял ишазе, гьезул васигатазе ритIухълъи бихьизабулеб буго гьез жакъа жидерго росдае, районалде ва Дагъистаналде къо ккедалги. Росу тун къватIиб гIумру гьабулезулги бетIербахъиялъе хIалтIи жо балагьизе заманалъ аразулги бугелъуб бугебги гьабулелъуб гьабулебги тун, щунусгоялдаса цIикIкIарав чи вачIун вуго росулъе. Росулъго рукIаралги гьелги цолъун ункъго-щуго нухалъ нахъ чIвана хъачагъазул чабхъен ва хурир ратарал бачал гIадин тIуризарулел руго. Чангиязе гьениб ахирги лъун буго. ХIакъаб жо, хIажатаб къадаралда ярагъ букIарабани, телароан гъодоберисез гьел. Нахъойги сардил бецIлъукь росу бахъизабичIого, кIкIалахъ рахчун рукIарал хъачагъазде данде гьужумалъ ун вуго щуго-анлъго гъодоберисев. Гьезда гьоркьов лъабго вац цояв (милиционер), кIигояв-ополченец рукIун руго. Цин лъалев 18-яв ракьалда лъун вуго гьеб жибго гьитIинаб, гьунар кIудияб къокъаялъ. ЧIаго хутIаралги магIил гьаркьалги гьарун, жал мекъи кканинги абун кверде рачIинехъин рукIадго, цо реххун бачIараб минаялъ Муъминов Нупайсатил кIиго вас чIван, лъабабилев вас захIматго лъукъун вуго. Гьелъ жеги гьалаглъизабун буго гъодоберисезулгун районалъулги, тIаде рачIаразулги гьеб рагIанщиназулги ццин. Ниж хIадурал руго, ккани рухI кьунги рекIкIав тушман нахъ чIвазе ва чIинтIизавизе.

***ГI. ЮСУПОВ.***

МАХСУТІ ЗАЙНУЛГІАБИДОВ

# АХІИ БАНА БОЛЪИХЪЕ



*1999 соналъул анкьабилеб августалда ахІичІого рачІарал «гъалбадерица» районалъул гІадамазул рахІат хвезабурал дол хІалуцарал къояз, хІалуцараб букІана районалъул бетІерасул ишал тІуралев вукІарав гъесул тІоцевесев заместитель ГІалимухІамад ГІалимухІамаевасулги. Гъесул къвакІиги къо хІехьейги ургъун бицунеб рагІиги мисаллъун букІана доб рагъул кьогІлъи бихьизе. Гъелъул хІакъалъулъ бицун букІана доб заманалда районалъул «Гъудуллъи» газеталдаги.*

*Цойги нухалъ нугІлъи гьабулеб буго дол рагъул захІматал къояз бихьизабураб къо хІехьейги бихьун Дагъистаналъул халкъалъ унго-унгоги бахІарчилъи бихьизабуна. Гъездаса цояв ккола ГІалимухІамад ГІалимухІамаевги.*

*Хадубго гьесул хІакъалъулъ кІудияб материал хъвана киназего лъалев поэт МахсутІ ЗайнулгІабидовас. Рагъ лъугІун 15 сонил юбилеялда бан гьаб кечІ лъолеб буго районалъул «Гъудуллъи» газеталдаги.*

Анкьабилеб августалъ
АхІи бана Болъихъе
Болъонал кІанцІун ругин
АнсалтІегун РахатІе;
Хехлъи гьабейин гьезул
ТІелал нахъе кьотІизе,
ТІом борлъун гурони мацІ
Гьезда бичІчІулеб гьечІин ...
Мадугьал-чагІи ругин,
Чанги хурхен букІанин,
КІалъай гІоларищали
ГІуцІана комиссия.
Комиссиялъул бетІер
Болъихъ бетІерасул зам
ГІалимухІамад вуго
ГІассияб цщидалъ унев.
Дове щвезегІан нухда
Цо микъан кІалъачІо гьев,
РакІалде бачІун буго
БукІараб дандеруссин ...
Басаевги вукІана
РекІа-ворчун вачІарав,
ЧІухІараб байрамалда
Гьобол гІадин рещтІарав.
Гьеб букІана кІинусго
Сон тІубаялъул
КІудияв имамасде
Адабалъул гІаламат.
Чачан - Дагъистаналъул
Гъудуллъиялъул тарих
ТечІо доб мехалъ кІочон
"КІудияв гъудуласда".
Цоцахъе гІаданлъигун

Рагъ багъарараб гІадин.
Абуна балъхъадерил
ГІолохъабаз унгеян,
ВачІарав тушман вугин,
ТункІидалъун кІалъалин.
Амма жамагІатчагІаз
Жидерго хІукму кьуна
Нахъе аян абизе
Айин имансизахъе.
Шамилил цІарги бахъун,
Язидил цІар босеян
Басаевасда аби
Улбуцаги тІад кьана.
Бицунгейин цо хІарпги
ХІелараб рагІийилан
РегІана харабаца
Хадур бералги лъун гьал.
Гьездаса хІинкъа-къазе
Къо рехилеб хІал гьечІин,
ХІелизе дол тейилан
Абуна солдатаца.
ТІолабго гьеб хабарги
Бихьанцинаб гъумерги
ГьабсагІат цадахъ буго
ГІалимухІамадида.
ГІадамазул ракІазул
КІутІиялъул хІалуцин
Гьасул рекІеда жаниб
Женжедилеб букІана.
Бахунеб буго мащин
Моччлол нухтІасан тІаде,
ТІеренаб сухъмахъалда
Паркъун унеб чан гІадин

Гьесул черхго букІана
ЦІураб гІарада гІадин.
Гьасул рокьукълъиялъул
КъатІра тІаде тІинкІани,
ТІоноцІалдаса гьоркье
Ворлъилаан Басаев.
Гьесдехун "Шамил" абун
КІалъазе ккеялдаса
ЗахІматаб жо лъаларин
ЧІана ГІалимухІамад.
ЦІар арав имамасул
Хабал ракь багъарила
Басаевасде жиндир
ЦІар абулеб рагІани.
Лъалиниса бахъараб
КІиябго ханжар гІадин
КІиго, гьобол рукІарал,
Ралагъун руго цоцахъ.
Гьев, кинабниги квешлъи
Данде гьабун бижараб,
Женалда, балъхъадерил
БагьадурасI абуна:
- Дуе ихтияр лъица
Кьураб, Шамил Басаев,
Гьанив нижер ракьалде
Яргъид гІуцІун вачІине?!
КІутІби соролел гьечІо,
Берал къапелел гьечІо,
ГанчІил бараб буцурлъун
Вуго ГІалимухІамад.
Рагъда кІиго армия
Данде бачІараб мехалъ
Хвалчабазде кІигояв

КІалъагеян ахІизе.
Амма яхІ букІунеб бакІ
БукІиналъ лъалхьун ккана.
- Гьаб ракь Бичас нижее
Кьун батараб ракь буго.
Нужедаса гурони
ЦІунизеги ккун гьечІо.
Нуж кванараб хІарччинир
ЛагІизе рачІун руго,
А мун, Басаев, нахъе,
Бухъуге дуца питна!
- Нужеда дагІба гьечІо,
ГІурусал тезе гьечІо.
Гьездаса Дагъистанго
Тархьан гьабизе буго.
-Тархьан гьабизе ккани.
Дагъистан лагълъун гьечІо.
Гьелъиеги нижеца
Нуж ахІизе кколаро.
- Дунгун къацандулесул
КьотІун лъолаан бетІер,
БукІаниги, тела мун ...
Нахъе а "делегатал".
-Дуда цебе къулани
КьотІилаан дир бетІер
ТІадегІанав Аллагьас ...
Амма дуда кІоларо.
Ниж нижер ракьалдаса
Бокьараб мехалъ ина,
Амма, дур щанкІлаца гьаб
Халатккун мерхьинаро.
Лъицаниги кидаго
Кверде босичІеб ВатІан
Духъеги кьолареблъи
Лъазе ккелаан дуда.
Нижер гІалимазухъги,
ГІакъилал харабахъги
Халкъалъул вакилзабахъ
Кинго гІенеккичІо мун.
Дуда магІарулазул
МагІна бичІчІулеб гьечІо
Гьарун нахъвуссинчІев мун
ТІурун ворчІизе гьечІо! ..
Бахъана балъхъадерил
Халкъалъ цІоб гьечІеб ярагъ.
Шамил Басаевасда
ЦІумадаги батараб.
БукІинчІо ракІалдацин
Цониги хъачагъасда
Дагъистаналъул рукъоб
Гьеб ярагъ батилилан.
Гьеб ярагъ бихьилилан
Кколароан ракІалде
РекІкІ ургъарал чІагІазда.
Гьеб ярагъ тарихалда
БергьинчІеб мисал гьечІо
Гьеб ярагъалъ мугІрузе
ГІемер кьуна бергьенлъи.
Гьеб ярагъалда цІарги
Щакъ гІадатияб буго
МугІрузул улкаялъул
Карамалъи тІокІаб щим.
Кодоб ккун, маян босун
Дагъистан кьолеб гІадин
Бицана хъачагъазда
ХиянатчагІаз хабар.
Хиянатчи кидаго
ГьитІинав чи вукІуна,
Мискинав чи вукІуна,
Бецщав чилъун рикІкІуна.
Гьедин ккана гьанибги.
Кибго ракьалда гІадин.
Дунялалъул батараб
Тарихалда кинигин.
Дун чІухІана, вохана
Халкъалъул щцим бихьидал.
Борхьазул бояздаса
Бергъунеб ярагъ лъайдал.



Хьвадизе кьураб рагІи,
ГІарцул ханжарги борчун
ВитІун вукІана нахъе.
Гьеб гуребги, Чачаналъ
Рагъал унел соназда
Нус-нус гьезул беженцал
Болъихъ рукІарал хьихьун.
Нилъеца кьураб ханжар
Нилъедего бахъарав
Басаевгун кІалъазе
КІалгІаги кин бильъинеб?
ГІалимухІамил лъади -
Би бацІцІадай чачанай
Чара бухІун, малъ кьосун,
Миллатго рихун тана.
Тушбабазда кІалъазе
Дунги яче цадахъин,
КигІан гьелъ гьараниги,
Гьей рокъойго хутІана.
ГьаргъадилебI букІана
Бахъараб щциналъ Болъихъ
ГІандиб округалдаго

Нухда щибаб гьотІоца
Квер бегьула гьазухъе
Гьаб хьублъи ракьалда тІад
ТІибитІизе гьукьеян.
Гьадал мугІрузул бутІрул
Ралагъун руго гьазухъ,
Гьел лилипутІал тІаса
РетІун нахъе райилан.
Росулъе лъугьунаго
Лъалхьинаруна херас,
Сабруялъулъ бергьенлъи
БукІунеблъи лъайилан.
РачІана гьал, рещтІана,
Дибир виччана цеве,
Цо-кІиго гуреб, анцІго
Охрана буго гьаниб.
«ГьадигІан щакъ» цІунизе
ЦІуяв жойищ гьав вугев?"
Гьедин пикру гьабуна
Гьалгун вугев гІолилас.
Подор чІана. Байбихьи
ГІалимухІамахъ буго.

Вахъунев вукІун вуго.
Гьединан вахъун вугин
Гьанив кІигоявила
Кколеб буго гордухъан
Ралагьарал мугІрузда.
ГІалимухІамадица
МухІканаб суал кьедал.
Дагъав лъалхъун хутІарав
Басаевги кІалъана:
-Гьаб ракь. ГІалимухІамад,
Я дур, я дир ракь гуро,
Бичасул ракь буго гьаб.
Гьеб цІунулел руго ниж ...
Гьанже бачІана гьими
ГІалимухІамадихъе,
Гьелъулъ букІараб кьогІлъи,
Дандиясда ракІрелъи.
Гьеб гьими тушманасул
Керенги борлъун ана,
Бан черхалда сиригун
Сородана чачанав.
Гьесий бокьун букІана

---

## ДИР РЕКІЕЛ АХІИ

ТІаде бахъа, Дагъистан,
Тушман тІаде гІунтІанин,
ТІокІалъ парахат чІезе
Нилъее заман гьечІин.
Гъазаватан цІарги лъун,
Хъачагъал рачІун ругин
Нилъерго ракь цІунизе
Къуват рехе, гІадамал!
Агъвалиб гъугъай буго,
Болъихъ кІкІуйдул цІун буго,
ЩунцІраби гІадин тушман
Жакъа тІаде щун вуго.
Лъийго бетІер къуличІел,
Лъиего наку чІвачІел,
Нилъер дагъистанияп
Гъуризе гьира буго.
Исламги хІалае ккун
ХІилла бергьунеб буго,
ХІатІакь тІамун Дагъистан
Мерхьине бокьун буго.
Нилъеда дин малъизе
Авараг тун батІияв,
ТІокІав чапар вукІинчІо,
ВукІине ресги гьечІо.
Жакъа вачІана Хаттаб,
Жив вугила гьев чапар,
Долларазул чванта цІун
Ислам бихьизабизе.
Умумуз гьабулеб дин
«Мекъи» букІун рагІула,
Цебе къадар щваралги
«Капурго хун» рагІула.
«ЦІияб исламги» баккун,
«Вагьабиял» цІарги тун,
Гъазаватан ахІулеб
Буго жакъа гІанграца,
Гьезда кІочон батила
Шамилил рагъул сонал,
Дагъистан эркенлъизе
КъватІиб бахъараб хвалчен.
РачІа жакъа Дагъистан
Цадахъ рекъон цІунизин,
ЦІадабе халкъ рехулеб
Рагъуе ахир лъезин!

*Хадижат ХІАСАНОВА. Унсоколо район*



# ЧЕКИСТАСУЛ ХАСИЯТ

***Гъодобериса Къурбан ГІадилгереев ВатІанияб рагъул захІматал, къватІисел тушбаби-фашистазул рикІкІен гІемерал бояз социалистияб гІуцІиялъе хІинкъи кьолел анцІ аза-азар дагъистаниял тушбаби гъуризе, рачахъизе, эркенлъи цІунизе индал, гьездаса мисалги босичІого, рагъдасаги тІурун, нохъаздагун рохьазда рахчун чІарал хъачагъаздаса-жанисел тушбабаздаса хІинкъи бугел соназда, завалав гІолохъанчи тІамун вукІана ЦІумада районалъул милициялъул начальниклъун.***

КІудияб божилъиялъе ритІухълъиялъе гІоло къеркьолаго, жиндиего бугеб хвалилаб хІинкъиялъухъги балагьичІого, гІемер бахІарчиял ишал гьаруна гьес. Къурбанил бетІерлъиялдагун гІахьаллъицебехъанлъиялда, хъачагъазул чанги къокъаби кверде росана, кверде рачІинчІезе ахирги лъуна.

Чанго соналъ гІемераб захІматги баччун намус бацІцІадго гьабун буго Къурбаница цІакъго хІинкъиги цІикІкІараб, цІодорлъилебаллъиги къваригІунеб, чекистасул гьеб иш. Гьелъие мисалалги кьучІал хІужабиги рачун гІемер руго ВатІаналъеги халкъалъеги хилиплъун, живго гІадинав хиянатчагІаздаса кІудияб къукъаги гІуцІун, гІемерал балагъал гьарулел партиялъулгун советиял активистаца, чекисталгун истребителазул батальоналъулалин щиб гурин, гІадатиял гІадамалгицин чІвалел, руччабазда хІал гьабулеб букІана чачаназул ДагІбі росулъа ГІабдукаримица. Анкьал, моцІал лъугьун цІехон гьев бахьикъосиеги ахир лъуна Къурбанил гІужилаб гуллица.

Хадув чанго соналъ батІи-батІиял хъулухъазда хІалтІана Къурбан. Кибго бихьизабуна бажари, лъай, гІуцІарухъанлъиялъулаб гьунар.. АнцІгогІан соналъ гьабуна гІагараб росдал колхозалъул правлениялъе председательлъи. Гьесул гІуцІарухъанлъиялъул, ритІухълъиялъул хІасилалда сонидаса-сониде чІахІалъулел рукІана гІиял рехъаби, боцІул рехьедал, цІикІкІунел рукІана гьездаса рахъулел, захІмат бихьун колхозчагІазе кьолел, пачалихъалъе ричулел продуктаби, гьарзалъулеб букІана тІощалилгун пихъил бачІин.

…ГІумрудул сонал ункъоялда анцІилъе рахун руго Къурбанил. Амма чорхолъа тІагІун гьечІо добго къвакІигун къо хІехьей, бахІарчилъигун чилъи. Басаевасул хъачагъаз росдаде гьужум гьабизе бугин рагІарабго, кодоб ярагъгун цІидахъан хъачагъазде данде вахъана гьев. Росдал кІвар бугел рорхалъабазул цояб ккун буго гьес. Мун херлъун вугин, квачалин-унтулин, нижеца батизабилин хиянатчагІазе хвел абун гІолохъабазги гІагарлъиялъги кигІан лъикІаб бицениги «чорхолъ рухІ, бидул къатІра, беразда канлъи букІадго, бусурманалин чІарал нажасал нахъ чІвачІого вачІинарин» абун тушбабазул ахир ккезегІан нахъе инчІо чекист Къурбан ГІадилгереев. Дагъистаниял-магІарулал щал ругебали лъачІого букІун батани, лъазе хиянатчагІазе цойги мисал буго гьебги.

***Б. МУРТАЗАГІАЛИЕВ.***









# НИЖ ХІАДУРАЛ РУГО

ГІасрабазго цІунун букІана гІандадерилги чачаназулги гьудуллъиги вацлъиги. Гьезул цоцазулгун буго гІагарлъиги, лъала гІемерисезда гьезул мацІги.

Гьединаб хурхен букІиналъ чачанлъиялда рагъал ругеб заманалда гІандадерица жидерго тІолабго пикруги жанги буссинабун букІана гьезул лъутун рачІарал къабул гьариялде ва гьезие шартІал гІуцІиялде. ЦохІо нижер росулъ чанго моцІ бана ункъазаргоялдаса цІикІкІун чияс.

Амма нижеца хьихьарал ва хвалдаса цІунарал гьез гучаб ярагъ борчана нижедехун ва нижгун цадахъ тІолабго Дагъистаналдеги. Гьез хІаракат бахъулеб буго нижер росдал территориялдасан Болъихъехун ва Гумбеталдехун ине. Амма гьанже цо гІадин киналго къватІире рахъун руго бугес бугеб ярагъги босун ва ричалел гьечІо гьел церехун. ГІандадерил руччабазгицин бажарараб кумек гьабулеб буго хандакъал рухъунги, квен-тІехалъул тадбирал гьарунги, рокьукъав тушман районалъул, Дагъистаналъул ракьалде цевехун виччачІого чІезавиялъе.

Лъан букІа, тушман, гІандадерил бихьинал нужгун рагъулаго хвани, гьезул ярагъги босун ниж - руччабиги нужеде данде къеркьезе рукІин. Гьал рагІаби дица загьир гьарулел руго росдал тІолго руччабазул цІаралдаса.

АхІичІого ярагъги борчун вачІарав тушманасде данде къеркьолаго нижер ахІи буго Надиршагьгун рагъулаго гІандалазул гІадаб: "Жакъа чучарасул чилъи бухІаги, чучун вагъарасул лъадул цІар ккаги"-ян абураб. Гьедин ниж, гІандадерил руччаби нижер васал, вацал ва россаби хІадурал руго эбелаб ракь, гІагараб Дагъистан цІунизе. Ниж руччаби чІухІарал ва рохарал руго жакъа гІандадерил васаз бихьизабулеб бахІарчилъиялдаса.

***ГІ. ГІАЛИЕВА,***
***8 лъимадул эбел, ГІанди росу.***


**Газета гІуцІарал:**
Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

**Учредители:**
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

**БетІерав редактор**
ГІ. ГІумаханов

**Редакторасул заместитель**
А. Агъларов

**Жавабияй секретарь**
З.ГІумарова

**Отделалъул редакторал**
Ш. Лабазанов
П. Дибирова

**ГЬУДУЛЛЪИ**
Тираж 1000

**Мухбирзаби**
З.МухІамадова/М.ГІумаханова

**Наборщица** П. Эльдарова
**Фотокорр.** Ш.Муртазалиев
**Дизайнер** А. Назирбекова
**Программист** А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахІачхъала, Пушкинил къватІ, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакІалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru